xususiyatiga egalikdir. Bu o'rinda musiqa o'qituvchisining vazifasi o'quvchi – bolalarning ichki eshitish qobiliyatini rivojlantirish uchun ish olib borishdan iborat bo'ladi. O'quvchini eng avvalo diqqat bilan musiqani tinglashga o'rgatish bu o'rinda eng samarali usullardan hisoblanadi.

Esda saqlash va ko'z oldiga keltirish, mustaqil holda ovozlarni (musiqiy tovushlarni) musiqiy obrazlarni his etish, tushunish, idrok etishga o'rgatish orqali musiqiy qobiliyatni rivojlanishiga erishish mumkin.

Maktabda o'quvchilarga qo'shiq o'rgatishga kirishishda birinchi navbatda musiqiy qobiliyati eng avvalo uni "musiqiy eshituvi"ni tekshirishdan boshlanadi.

Umumta'lim maktablari musiqa madaniyati darslarining jamoaviy ijrochilik jarayoni o'quvchilarni eng muhim musiqiy qobiliyatlaridan musiqiy eshituvni rivojlantirish eng o'tkir vazifalardan hisoblanadi. Chunki, musiqiy eshituv, asarni idrok etish, xotirada saqlab qolish, nazariy bilimlarni amaliyotda ifoda etish mana shu jarayonda yorqin namoyon bo'ladi [4:77].

Shuni alohida ta'kidlash joizki, musiqiy qobiliyatlar majmuini (tinglash, kuylash, notaga qarab o'qish, eslab qolish, cholg'uchilik) o'quvchilarda shakllantirib borish musiqa sohasidagi barcha mutaxassislar uchun birdek zarur. Chunki, bu qobiliyatlarni yaxshi rivojlanmaganlik holatlarini ba'zan katta yoshdagilar, jumladan kolllej va oliy o'quv yurtlari talabalari orasida ham uchratish mumkin. Musiqa pedagogikasi va psixolog olimlarning ilmiy – tadqiqotlarida umuman qobiliyatsiz kishi bo'lmasligi, lekin, ayrim kishilarda ularni erta yoshdan yorqin namoyon bo'lishi (tug'ma iste'dod sifatida baholashda) yoki aksincha ayrimlarda ularni "sust" rivojlanishi haqida fikrlar bildirib o'tilgan. Bular juda murakkab psixologik omillar bilan bog'liq bo'lib, ba'zan insonlar o'zida mavjud qobiliyatlarni ham ko'pchilik oldida. Shuningdek, dars jarayonida namoyon qilaolmaslik holatlari uchraydi. Bunga ba'zi insonlarda (o'quvchilarda) tortinchoqlik, ko'pchilikni oldida "sust" bosish, uyatchanlik, o'z-o'ziga ishonch hissini yaxshi rivojlanmaganligi kabilar sabab bo'ladi. Bunday vaziyatlarda musiqa o'qituvchilari pedagoglik bilan bir qatorda yuqori darajadagi psixolog – pedagog bo'lishi muhim ahamiyat kasb etadi. O'qituvchi har bir bolani doimiy ravishda individual tarzda sinchiklab o'rganib borishi, ulardagi qobiliyatlarni aniqlash, ruyobga chiqarish, o'rinli usul va vositalarni qo'llab ish tutishi, o'quvchida avvalo o'z – o'ziga ishonch hissini tarbiyalash, uni rag'batlantirish, sahnaga, ko'pchilik oldiga takror va takror chiqarish muhim rol o'ynaydi. Musiqa mashg'ulotlarini pedagogik va metodik jihatdan to'g'ri tashkil qilinishi, uyushtirilishi, darslarni qiziqarli, turli metod, usul, ko'rgazmali va texnik vositalardan unumli foydalanib o'tkazish o'quvchilarda darsga qiziqishlarini oshishiga olib keladi. Qiziqish esa o'z navbatida bolalarda uni o'rganish, kuylash, nazariy va amaliy ijrochilik ko'nikma va malakalari yetarli darajada o'rganishga xoxish – istak, rag'batni kuchayishiga sabab bo'ladi. Aynan mana shu omillar ularning musiqiy qobiliyatlari shakllanishi jarayonini tezlashuviga ham samarali ta'sir ko'rsatadi.

O'qituvchi mana shulardan kelib chiqqan holda boshlang'ich sinflarda musiqa darslarini olib orar ekan, estetik tarbiyani mazmunli va samarali amalga oshirish maqsadida o'z oldiga quyidagi vazifalarni qo'ymog'i lozim.

1. Bolalarda musiqani sevish, unga havas va qiziqish uyg'otish;
2. O'quvchilarni qo'shiq kuylash ko'nikma va malakalarini, vokal – xor malakalarini tarbiyalash;
3. O'quvchilarni o'z ustida ishlash va ijodiy qobiliyatlarini o'stirish;
4. Qo'shiqlarni ta'sirchan va ifodali aytishga o'rgatish;
5. Musiqiy nazariy va amaliy bilim, ko'nikmalarni tobora boyitib borish;
6. Kuylash, tinglash jarayonida o'quvchilarning badiiy didlarini o'sishiga imkoniyat yaratish;
7. Musiqaga bo'lgan estetik hissiyotlari va ehtiyojlarini, u haqda fikr yuritish, baho berish qobiliyatlarini rivojlantirish:

Bu vazifalarni amalga oshirish o'quvchilarda kerakli bilim, ko'nikma, malakalarni, shu bilan ularni musiqiy qobiliyatlari rivojlanishiga samarali ta'sir etadi.

**Adabiyotlar**


1. Hasanov A. Musiqa va tarbiya. –T.: "O'qituvchi" 1993, 23-b.
2. Sharipova G. Musiqa o'qitish metodikasi. (ma'ruzalar matni). – TDPU 2004, 44-45-b.
3. Apraksina O.A. Metodika muzikalnogo vospitaniye v shkole. –M.: "Prosvesheniye", 1983, 37-b.
4. Qudratov I. Talabalar va bolalar ashula va xor jamoalarini tashkil etish va ular bilan ishlash metodikasi. –Toshkent: - Fan va texnologiyalar bosmaxonasi. 2006. 28-29-b.
5. Qodirov.R. Musiqa psixologiyasi . -Toshkent: 2005.



**REZYUME**

Mazkur maqolada umumta'lim maktablarining boshlang'ich sinflarida, musiqiy qobiliyatlari sust rivojlangan o'quvchilar bilan ishlash mazmini va metodikasi yoritib berilgan.Shuningdek o'quvshilarning psixologik-fiziologik holatlari tavsiflangan.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматривается содержание и методика работы с учащимися начальных классов обшеобразовательных школ с учениками с плохоразвитыми музыкальными способностями. Автор статьи также характеризует психологическое и физиологическое состояние учащихся.

**SUMMARY**

The article is devoted to the study of content and methods of working with the pupils of primary classes at the secondary educational schools with badly-developed musical abilities. The author of the article also characterizes psychological and physiological state of the pupils.


## ХАЛЫҚ ТЕРМЕ–ТОЛҒАЎ ЖЫРЛАРЫНЫҢ ЖАСЛАР ТӘЛИМ-ТӘРБИЯСЫНДА ТУТҚАН ОРНЫ


**А.А.Ережепов –** *еркин излениўши*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар:** қорақалпоқ жировчилик санъати, урф-одат, миллий тарбия, одоб-ахлоқ, маънавият, терма-тўлғовлар ва жирлар.

**Ключевые слова:** искусство жырау каракалпаков, традиции, национальное воспитание, морально-нравственный, духовность, песнопение, причитания и горловое пение.

**Key words:** skills of jiraw of Karakalpaks, customs and traditions, national upbringing, moral, spirituality, singing-coronach and throaty singing.


Жыраўлардың атқарыўшылық өнери қарақалпақ халқының ең ескиден киятырған сүйикли өнерпазларымыздың бир топарын қурайды.

Олардың сазы менен өзи мийнет адамларының тилегине үнлес, тилегине сай болып келеди. Халықтың көркем-өнери әдебиятының раўажланыўында белгили дәрежеде үлес қосқан атқарыўшылардың хызмети халқымыздың көп әсирлик тарийхының алтын бетлерин толықтырады.

Олар өзлериниң келип шығыўы жағынан терең тарийхый тамырларына ийе, олар халықты өз дөретпелери менен руўхый әдеп-икрамлық жақтан қоллап-қуўатлап, күшли шөлкемлестириўши идеологлар болған.

“Толғаў” тийкарынан “толғаныс” сөзинен шыққан болып, “дәрт” деген мағананы билдиреди. Буның ең баслы сағасы түрк поэзиясы менен сабақлас болып, “шер”, “дәрт”, “толғаныў” мәнисинде айтылған [4:37].

Бул сөздиң әййемги түрк поэзиясында қолланылыўына қарағанда оғада ерте дәўирлерде пайда болған болыўы итмал. XII әсирдеги дереклерге қарағанда да толғаў жанры тек қобыз жәрдеминде айтылған. “жыр” жырлаў яғный жыраў менен оғада сабақлас болып келеди. Толғаў-соның менен бир қатарда қарақалпақ әдебиятынында ең ертедеги жанры. Оның әйемги дәўирдеги сағасы Қорқыт ата дәўирлеринен басланып, ҳәзирги дәўирге шекем жетип келген [1:61]. Қорқыт ата китабы он еки жырдан ибарат болып, онда ҳәр дәўирге тийисли болған ўақыялар сөз етиледи. Қарақалпақлар арасында болса, оның айрым жырлары ғана сақланып қалған.

Мысалы: Адам кирмес қара үйдиң қулағаны жақсырақ,

Жылқы жемес ҳарам шөптиң өспегени жақсырақ,

Адам ишпес ҳарам суўдың ақпағаны жақсырақ,

Даңк әпермес баланың әкесиниң белинен болмағаны жақсырақ.

Жалған сөздиң дүньяға келмегени жақсырақ,

Жер қунарын шөп пенен аўқатланған аң билер,

Жер тегисин жуўырған кийик билер, қулан билер,

Жыр мәнисин ел аралаған жыраў билер [5:116].

Сөзиниң шеберлигине қарағанда Қорқыт өз дәўириниң оғады талантлы шайыр жыраўлардың бири болған. Себеби XIV-XV әсирдиң гениал шайырлары Әлишер Наўайы ҳәм Абдурахман Жәмийлер оны хүрмет пенен еске алады. XVI әсирдиң тарийхшысы Абулғазы Баҳадурхан творчествосында да Қорқыт ата тилге алынады. Қорқыт атаның айрым жырлары халық арасынан соңғы дәўирде жазып алынды. Олардан бири «Нарым ай» толғаўы:

Нарым мениң нарымай, Ай далада қақсады.

Ботаң сүтке жарымай, Бул дүнья бүлиген дүньяды.

Әси кеткен адамлар. Емшегинди сызлатып,

Бозатыңды бозлатып, Неғып дейди сарымай.

Не болсада жоқшылық, Бастан өтсе болғаны,

Дуйым журтқа дарымай, Бозатыңды бозлатпай,

Ийе қойшы Нарымай [3:23], - бул қатарларға қарағанда Қорқыт ата адамлар менен бирликте ҳайўанатларға да жаны ашыған, ҳақыйқатлық ушын гүрескен жыраў сыпатында көринеди.

Сопбаслы Сыпыра жыраўдан қалған әдебий мийрас оның «Бабаңман», «Аўыз айғақ тил тайғақ», «Төрелер», «Қырымның қырық батыры», «Бир дегенде не жаман» ҳәм тағы басқалар.

Сыпыра жыраўдын «Бабаңман» атлы толғаўында копти корген данышпан жыраў сыпатында көзге тасланады. Мәселен:

Әкей хан билән Жәкейхан хан,

Муны көрген бабаңман,

Едилдиң қубла жағында,

Ханны� алтын сарайында

Он бир патша жәм болды.

Он бир патша алдында,

Кобыз алып сөз сөйлеп,

Толғаў айтқан бабаңман [3:23].

Сопбаслы Сыпыра жыраў, хан алдында толғаў айтқанда тек оның салтанатын ғана жырлаўшы емес, халықтың қыйын аҳўалына жаны қайғырып, ханға қарсы пикир айта алған реаль жыраў сыпатында көзге тасланады. Сопбаслы Сыпра жыраўдың толғаўларының көпшиликке унайтуғынлығының баслы себеби, онда ой тапқырлық күшли болып келеди. Жыраўдың жүректи тербеткен дәрти халық муңы менен араласып барады.

Мысалы: Қаршыға қустың баласы,

Қайында болар уясы,

Қайыңның түбин суў алса,

Қайғырар екен анасы...-деп бунда ананың өз перзентине болған меҳри ҳаққында сөз баратыр. Бул муңлы қатарлар палапанлары апатқа ушраған қустың қайғы ҳәсирети арқалы душпанлар тәрепинен шаңарағы шытнап, жалын астында қалған перзенти ушын, қабырғасы қайысып, шашларын жайып, зар жылаған ананың ҳәсирети. Буннан тысқары жыраўдың ҳәр бир куплетти «ҳәриплер ойыны» тийкарында бир ҳәрипке дүзиўи оғада ҳарактерли. Ҳәр бир инсанның анаға деген меҳри мириўбети арттырады.

Бул үш куплет толғаў «к.е.ж» ҳәрибиниң сес сәйкеслигинен пайда болған. Яғный ҳәр бир куплет бир теклес ҳәриплерден басланатуғын сөз тийкарында қуралған. Сыпра жыраўдың екинши бир толғаўында сапарға кеткен аталы-балалы еки батырдың келиўин асығыўшылық пенен күтиўшилик сезиледи:

Едилдиң қара суўлары,

Көпир салмай сай болмас.

Кара нар келмей халқына,

Қаралы кеўлим жай болмас.

Оң жақта қурған шымылдық,

Толқынлар мекен тынықта,

Ботасын ерткен қара нар,

Айланарма екен жуўықта.

Сопбаслы Сыпра жыраў дөретиўшилигиниң баслы темасы. Жыраўдың тәнҳә өзине тийисли болған «Не жаман» деген толғаў, оны шәкиртлери арқалы әсирден әсирге өтип, бизиң заманымызға шекем келип жеткен. Бул толғаў ҳәзирги ўақытта да халқымыздың ең сүйип тыңлайтуғын жыры;

Бир дегенде не жаман?

Билимсиз өскен ул жаман,

Еки дегенде не жаман?

Еркелеп өскен ул жаман ...-деп жазып, жоқарда келтирилген толғаўы жыраўлардан ҳәм де тыңлаўшы халық арқалы әсирден әсирге аўыз еки атқарыўшылар тәрепинен, бизиң заманымызға шекем келип жеткен. Бул толғаў ҳәзириги ўақытта да бизиң халқымыздың ең сүйип тыңлайтуғын жыры.Сопбаслы Сыпыра жыраўдың гейпара толғаўлары жумбақ түринде де жазылған болып, булар балалардың ҳәм жаслардың ой-өрисин кеңейтиў ушын оғада характерли орынды ийелейди. Жыраў инсанның келешеги жаслар екенин нәзерде тута отырып, ҳәр бир әке өз балаларына жас ўақытта ақыл, өнер үйретиўи парыз екенлигин, қартайған мәҳәлде перзентлерине үйреткен ақылы, берген тәрбиясы өзине хызмет ететуғынын да баянлайды.

Сыпыра жыраў «Бир дегенде не жаман» деп басланатуғын толғаўында жасап атырған жәмийетлик турмыс шәриятына бола тәлим-тәрбия исиниң тийкарғы өзеги болған үлкен еки мәселеге дыққат аўдарады:

улды-ақыллы, билимли етип жетилистириў;

қызды әдеп-икрамлылыққа, ийбелиликке тәрбиялаў.

Жыраў баланың өз шаңарағындағы көрген-билгени, әдетлери жаслайынан сиңип баратуғынын, шаңарақтағы тәрбиялық дәстүрлердиң мазмуны жаслардың қәлиплесип шығыўына зор тәсир жасайтуғынын, атаға қарап ул, анаға қарап қыз өсетуғынын, өрнек, үлги алып, уқсап өсиўдиң үлкен тәрбиялық қубылыс екенлигин, бала қандай бағдарда тәрбия алса, есейгенде усындай мазмунындағы минез-қулықта болатуғынын, атап өтеди жаслар жасап атырған орталық ҳәм тәрбия тәсиринде қәлиплесетуғынын;

Бай баласы байға усар,

Байланбай өскен тайға усар...

Жыраўдың жасларға айтқан ақыл-нәсияты толы мийрасларында жаслардың адамгершилик жақтан

унамлы қәлиплесип шығыўына айрықша дыққат бөлинген. Жасларға халық ушын хызмет етиў, жақсылық келтириў, оның барлық тәғдирине ортақ, пидакер болып жасаў деп ескертеди. Усы себепли шайыр жаслардың ер жүрек, батыр болып тәрбияланып шығыўын гөзлеп, ол батыр, қаҳарман, адамлардың тәрбияланып жетилисип шығыўы ел ишине бахытлылық, жақтылы күн әкелетуғынын ескертеди:

Елдиң нурлы болғаны, Батырының туўғаны...

Жыраўдың жасларға айтқан нәсиятларында, адамлардың тиришилик ушын гүрсеинде мийнеттиң роли зор екенлигин нәсиятлаўы, жәмийетлик турмыста инсанлардың уйымласып бир аўқамда жасаўының уллылығын түсиндириўи, жаслардың өз-ара дослық, бир-бирине инсанлық тилеклесликте жасаўшылығын қуўатлаўшылығы да кең орын алған. Әсиресе жаслардың жүрис-турысындағы өз-ара әдепликке, сыйласықта жасаўға көнликтириў абзаллығын нәсиятлаўлары үлкен мәселе етип қойылған. Ол жаслардың сыйласықлы татыў жасаўы, жасы үлкенлер алдында әдеп сақлап оларға ҳүрмет көрсетиўи; «улықтан бурын кишиктиң сөйлемеги жоқлығы тутыўы лазымлығын, бул қублыс ийбели, тәрбиялы жасларға тән жетискенлик екенлигин, ал сабырсыз, парасаты жоқ, жасы үлкенди ҳүрметлемеўшиликти жаман әдет деп [2:234], бундай минезден қашық болыўды талап етеди. Данышпанның бул пикирлери ҳәзир де үлкен әҳмийетке ийе.

Жыраў дүньяға көзқарасында тәрбия исине жәмийетлик турмыс талап еткен бағдарда пикир жүргизди. Тәрбияның мақсети баланы келешек турмыста қыйыншылықсыз өмир сүриўге үйретиў деп түсиндиреди. Қызлар әдеп икрамлылығы менен, ул балалар ақыллы болыўшылығы менен айрықшаланыўы тийис деген пикирлерди баянлаған. Оның үлкен адамгершилик пенен жетим-жесерлерге ханлық тәрепинен ғамхорлық туўдырылыўлын, дурыслы тәрбия берилиўин талап етиўи зор жетискенлик болды. Жыраў тәрбияда шаңарақлық үрип-әдеттиң үлкен тәсири болатуғынын, тәрбия жәмийетлик турмыс ҳәм шаңарақлық шәриятында ғана әмелге асатуғынын, сол ушын қул баласы қулға усайтуғынын, тәрбия жәмийетлик аўҳалына байланыслы әмелге асатуғынын ескертеди.

Сондай-ақ жасларды унамлы минез-қулықлы болыўға тәрбиялаў мәселесинде алды менен Ўатанға сүйўшиликти, халыққа хызмет етиўди, жәмәәтшиллик пенен адамгершиликти, жасы үлкенди сыйлаўды, дос инақ, аўызбиршиликли, мийнетти сүйип жасаўға үйретиўде халқымыздың белгили жыраўларының термето лғаўлар ҳәм жырлары арқалы жаслардың мәнаўий тәлим-тәрбиясында әҳмийетли орын тутады деб билемиз.

**Әдебиятлар**


1. Аймбетов Қ. Халық даналығы. –Н.: «Қарақалпақстан». 1968. 60-61-б.
2. Алеўов Ө. Қарақалпақстанда тәлим-тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы. -Нөкис: «Билим». 1991. 234-б.
3. Жапаков Н., Мамбетов К., Султанов К., Каримов А. Қарақалпақ әдебияты тарийхы. –Нөкис: «Қарақалпакстан» 1983. 22-23-б.
4. Мәмбетов К. Фольклор ҳәм жазба әдебият. -Нөкис: 1978. 36-37-б.
5. Палымбетов К. «Қорқыт ата китабы» ҳәм қарақалпақ дәстанлары. -Нөкис: «Билим». 2010. 116-б.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада қорақалпоқ жировчилик санъати воситасида ўқувчиларни маънавий-ахлоқий тарбиялашнинг миллий менталитет ва антропологик ёндашув билан ўзаро алоқадор этник, маданий ва маърифатпарварликка доир этнопедагогик хусусиятлари ўрганилган ва маънавий-ахлоқий тарбияга доир жировларнинг терма-тўлғовлар ва жирлари кўриб чиқилган уларни талқин ва таҳлил қилиш йўллари ҳавола қилинган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье на примере искусства жырау приводятся базовые данные анализа свойств и интерпретации определённых песен причитаний, которые носят характер духовно-морального воспитания учащихся, основанные на национальном менталитете и антропологических этнических, культурно-просветительских подходах относящихся к этнопедагогическим свойствам.

**SUMMARY**

The article deals with the data about the art of jirau of Karakalpaks the analysis of features and interpretation of certain songs, coronach that have the character of spiritual-moral upbringing of students, based on the national mentality and anthropological, ethnic, cultural-enlightening approaches related to ethnopedagogical features.


## ПРИМЕНЕНИЕ ТЕХНОЛОГИИ РАЗВИТИЯ КРИТИЧЕСКОГО МЫШЛЕНИЯ ЧЕРЕЗ ЧТЕНИЕ И ПИСЬМО ПРИ ИЗУЧЕНИИ ПОЭМЫ А.С.ПУШКИНА «МЕДНЫЙ ВСАДНИК» В ВУЗЕ


**Э.Н.Ешниязова –** *кандидат филологических наук*

*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*



**Таянч сўзлар:** фикрлаш, танқид, мустақилллик, технология, методлар, усуллар, мумтоз, поэма, образ, тушуниш.

**Ключевые слова:** мышление, критика, самостоятельность, технология, методы, приёмы, классика, поэма, образ, интерпретация.

**Key words:** thinking, criticism, autonomy, technology, methods, ways, classics, poem, character, interpretation.


На сегодняшний день в образовательном процессе, как и во всех сферах жизни, происходят большие изменения. Они касаются не только структуры занятия, но и задач преподавателя и студентов. На современном этапе особое внимание обращается на усвоение студентами изучаемого материала, на самостоятельную работу студентов. Прежде преподаватель был центральной фигурой, был источником информации, сегодня день занятия планируются так, чтобы студент стал активным участникомпроцесса обучения, самостоятельно выполняя различные задания, приобретал знания.

Для того чтобы студенты стали активными участниками процесса обучения, самостоятельно выполняли различные задания, приобретали знания эффективным является технология развития критического мышления через чтение и письмо [1].

На этапе вызова актуализируются имеющиеся знания студентов по теме, формируется мотивация к изучению конкретной темы.

На этапе «Осмысление» новая информация связывается со знаниями, активизированными в фазе вызова. Главная задача этого этапа – обеспечение понимания нового учебного материала.

На этапе рефлексии идёт закрепление новой темы и попытка выразить новые идеи и информацию собственными словами.

Таким образом, технология развития критического мышления через чтение и письмо является важной технологией обучения. С применением данной технологии открываются возможности для развития духовно богатой, высоконравственной и образованной личности, свободной от догматических штампов восприятия художественных текстов, который обеспечивает студентам чувство интеллектуальной свободы на уроках литературы.

Рассмотрим некоторые методы и приёмы технологии развития критического мышления через чтение и